


**AFOUTAYI**  
**HAITIAN DANCE, MUSIC AND ARTS**  
**WWW.AFOUTAYIDMACO.COM**

**LASIRÈN AK LABALÈN**

**Se Djenane Saint Juste ki prepare resous sa a**



Djenane Saint Juste



Revizyon : MIT-Ayiti

# **Sa k pase ti zanmi ?**




Non m se Djenane Saint Juste. Mwen se yon Ayisyen natif natal. M se otè, pwofesè dans ak koregraf. Se mwen ki ekri liv *Lasirèn ak Labalèn*. M espere w renmen l. Kounye a, m ap viv nan Minnesota ak pitit gason m, Hassen, manman m, Fofo, ak Dodger, chyen m.



**Mwen rele Djenane.**

**Sèvi ak ankadreman foto ki an ba a  
pou trase pòtrè w epi ekri non w  
sou liy ki an ba a.**

**Ki jan w rele ?**





## **Lasirèn ak Labalèn**

Lasirèn, Labalèn

Chapo m tonbe nan lanmè

Lasirèn, Labalèn

Chapo m tonbe nan lanmè

Mwen t ap danse ak Lasirèn

Chapo m tonbe nan lanmè

Mwen t ap vire ak Labalèn

Chapo m tonbe nan lanmè

Lasirèn, Labalèn

Chapo m tonbe nan lanmè

Lasirèn, Labalèn


Chapo m tonbe nan lanmè

# **Chante ak Fofo**



# The Mermaid and The Whale

La Sirène et La Baleine  
Lasirèn ak Labalèn  
La Sirena y La Ballena



Djenane Saint Juste

Èske w konnen yon lòt istwa ki pale sou bêt lanmè ? Ki jan istwa sa a rele ? Ki kote w te jwenn enfòmasyon sou istwa sa a ? Pale ak yon zanmi sou sa.

Èske w ka ekri non 5 bêt lanmè ?

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_
4. \_\_\_\_\_
5. \_\_\_\_\_

Si w te ka tounen yon bêt lanmè,  
ki bêt ou ta renmen ye ?

Pou ki sa ?

---

---

---

---

---

# Haiti - Ayiti



Ann Ayiti, 2 lang ofisyèl yo se franse ak kreyòl. Èske w ka ekri non kèk lòt peyi kote yo pale kreyòl oswa yon lang ki sanble ak kreyòl nou pale ann Ayiti a ?

Peyi ki pale kreyòl :

- 
- 
- 
- 
- 

Nan istwa Lasirèn ak Labalèn, ki pèsonaj ou pi renmen ? Pou ki sa ?

# « TANBOU »




Nan istwa Lasirèn ak Labalèn, se ak tanbou nou akonpanye chante a. Rit nou itilize a rele « Kongo ». Kongo se yon dans ak yon rit ki enspire lanmou ak lajwa. Orijin dans sa a se pamizansèt nou yo ki te soti nan ansyen peyi Kongo. Tanbou se yon enstriman ki trè enpòtan nan kilti nou ann Ayiti. Epi, tou, se youn nan enstriman ki pi ansyen e ki pi popilè tou patou sou latè. Pafwa nou jwe tanbou ak men, pye, epi pafwa, nou jwe yo ak bagèt.



Èske w konnen Ayiti se yon peyi ki sou yon zile nan Karayib la ?

Nan istwa a, gran moun lan te vwayaje nan yon ti bato. Li soti nan gran zile a pou l ale Lagonav.

Ki lòt fason w ka ale nan zile Lagonav ? Konbyen tan w ap pran pou w rive ? Èske w konnen Ayiti se yon peyi ki sou yon zile nan zòn Karayib la ? Ki lòt zile ou konnen Ayiti genyen ?



Ki sa yon zile ye ?

---

---

---

---

---

# Eseye ranje lèt sa yo nan chak liy pou fè yo tounen mo :

1. bKra
2. rvhCeët
3. Jòif
4. nswoaP
5. neeRk
6. rSièn
7. wZealt nLamè
8. Fòk
9. nAra
10. yPèv
11. omnoS
12. mOa
13. oenfD
14. IBaèn
15. igZna

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---


---

---

---

---

---



Nan istwa *Lasirèn ak Labalèn*, gran moun lan te pase twa jou an ba dlo ansanm ak Lasirèn ak Labalèn. Ki sa w panse li t ap fè ? Ekri yon paragraf byen detaye sou vwayaj gran moun lan an ba lanmè a ?

---

---

---

---

---

---


---

---

---

This image shows a blank sheet of handwriting practice paper. It features a large rectangular border. Inside, there are ten identical sets of horizontal lines. Each set consists of three lines: a solid top line, a dashed middle line, and a solid bottom line. These lines provide a guide for letter height and placement.

Fè yon desen byen detaye sou paragraf ou sot ekri a sou twa jou vwayaj gran moun lan an ba lanmè a avèk Lasirèn ak Labalèn.



1. Lasirèn ak Labalèn :  
<https://youtu.be/oqqDcezMyQo>

2. The Mermaid and the Whale shares Haitian history through word and song :  
<https://www.yourclassical.org/story/2020/11/16/djenane-saint-juste>

3. Afoutayi Website :  
<https://www.afoutayidmaco.com/videos>

4. Afoutayi Dance, Music and Arts Company :  
<https://www.yourclassical.org/story/2021/01/21/virtual-class-notes-concerts-afoutayi-dance-music-and-arts-companyb>

5. Cowles Center presents Djenane Saint Juste (Intro) :  
<https://youtu.be/Cd13lgB9bIY>

6. Cowles Center presents Djenane Saint Juste (Dance) :  
<https://www.youtube.com/watch?v=DzhQO4K9Z48>

Men yon seleksyon videyo Afoutayi nou pote pou ou ak fanmi w ! E si w vle konnen plis sou Afoutayi, ou ka jwenn nou sou entènèt : [www.afoutayidmaco.com](http://www.afoutayidmaco.com).  
Mèsi anpil, anpil !

